ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№21 (24.147) ● 2021 гъэм мазаем (февралым) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек ІущІащ Къэрал казначействэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ ІутІыж Шумахуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ лэжьыгъэ Іэуэкіэ Іущіащ Къэрал казначействэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Іутіыж Шумахуэ. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ республикэм щыІэ щыналъэ Іэуэкущіапіэр 2020 гъэм зэрылажьэм къыриІуахэм, дызэрыт илъэсым къапэщытхэм.

ІУТІЫЖ Шумахуэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм и бюджетым 2020 гъэм бюджет зэхуаку трансферту нэхъыбэ кьызэрыхэхъуар икІи ар сом мелард 23,4-м зэрынэсар. 2019 гъэм яхуэзфІэкІар сом мелларди 10,2-рэт. «Мыхьэнэшхуэ иІэщ мылъкум и процент 97-рэ кьызэрагъэсэбэпыфам. Ар и щыхьэтщ республикэм и гъэзэщІакІуэ органхэр фІы дыдэу зэрылажьэм, дэри быдэу къытпыщІауэ зэрыщытам», - жиІащ абы. Апхуэдэу, ІутІыжым кьызэрыхигъэщамкІэ, республикэм бюджет зэхуаку трансферту кьыІэрыхьэм унэтІыныгъэ псомкІи хигъэхъуащ - 2019 гъэм зэрыщыта сом мелард 24,3-м и пІэкІэ 2020 гъэм сом мелард 38,7-м нэсащ. Апхуэдэу, налог лІэужьыгъуэ кьыхахри нэхъыбэ мэхъу, абыхэм мылъкум техуэ налогри, акцизхэм кьапэкІуэри, сату щащІкІэ трапхъэри, щыхь щхьэхуэхэм къабгъэдэкІхэри яхэту.

КІуэкІуэ Казбек Іэнатіэм лажьыгъэфІ зэрыригъэкІуэкІам папщІэ фІыщІэ хуищащ ІутІыжым икІи Къэрал казначействэм и щыналъэ Іэуэкущіапіэм и унафэщІым жриІащ лъэпкъ проектхэр, къэрал, щыналъэ, муниципальнэ программхэр щагъэзащІэкІэ, абыхэм хухаха мылъкур кьыщагъэсэбэпкІэ финанс, юридическэ я лъэныкъэкІэ зытетыпхъэ хабззэхэр кьыІэпамыдыным и нэІэ тригъэтыну. «Хабззхъумэ, кьэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэхэм къалэн ящысщІащ Іутхъэхэм ехьэлІа Іуэхуэхэр ткІийуэ кьызэпадыну, лъэпкъ проектхэм трагъэкІуэдэн хуейуэ кьаІэрыхьэ ахъшэр зэхамыдыгъуэжьыным набдзэгубдзапльэу кІэлъыплъыну», - жиІащ Іэтащхьэм, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм лъэпкъ шынагъуэншагъэр кьыщыІэзгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхуэхэр щыІэпкърахьэу Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым Ставрополь кьалэм иджыблагъэ щыригъэкІуэкІа зэІущІэм и унафэхэр и тегъэщІапІэу.

Іутыж Шумахуэ республикэм и Іэтащхьэр щыгъуаз ящІащ абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэм. Гулъытэ хэха хуищащ щыналъэ органым и упчІэжьегъэм Іутыжым ткІийуэ зэрыщыпэщІэтым. Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым казначей Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэхыным ехьэлІауэ кьыхаплъха зэхъуэкІыныгъэщІэхэм, псом я дежкІи зэхуэдэу щыт ахъшэ зэІэпыхькІэщІэ, зыуэ щыт казначей счёт жьхуаІэр, кьызэгъэпэщыным я гугъу ящІащ ІутІыжым. Апхуэдэ счётым и ефІэкІыныгъэхэм ящыщщ ахъшэр зэІэпыхьным зэманэ текІуадэр зэригъэмащІэр икІи къэралым и дэнэ щыпІи щыІэ Іуэхуэщапіэхэми цІыхухэми ар тыншу кьызэрагъэсэбэпыфынур.

ЗэІущІэм щыхэплъащ Управленэр кІэлъыплъакІуэ лэжьыгъэм зэрехьуІэм, хабзэхъумэ органхэм, прокуратурэм, и Іуэхущафхэкіэ зэпха нэгъуэщІ Іуэхуэщапіэхэм зэрадэлажьэ щыІэм. Управленэм и унафэщІым кьыхигъэщащ пандемием и зэранкІэ кьэпщытэныгъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхьуар. ЦІыхухэм 2020 гъэм кьуриубыдэу кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэхэм зэрызыхуагъэзам икІи иткІэ кьэпщытэныгъэ 25-рэ зэрыраІэкІар кьыхигъэщащ. Къиидзкіэ, казначействэм и лажьакІуэхэр хэтащ Къэрал казначействэм и аппарат нэхъыщхьэм, КъБР-м и прокуратурэм, УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, ШынагъуэншагъэмкІэ къэрал кьулыкъущапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм ирагъэкІуэкІа Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор кьулыкъум ягъэувынум и кандидатурэмкІэ зэрызэгурыІуэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыІэжу кьэлъытэным ехьэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэщтэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор кьулыкъум ягъэувынум и кандидатурэмкІэ зэрызэгурыІуэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым кьару имыІэжу кьэлъытэным ехьэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм зэуегъэхьын, Іэ тридзэн икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм щІышылэм и 28-м
№266-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор кьулыкъум ягъэувынум и кандидатурэмкІэ зэрызэгурыІуэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыІэжу кьэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2021 гъэм щІышылъэм и 28-м къищтащ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор кьулыкъум ягъэувынум и кандидатурэмкІэ зэрызэгурыІуэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым, №38-РЗ-м щІэту 2002 гъэм мэкъуаугъэм и 9-м къыдагъэкІам, кьару имыІэжу кьэлъытэн (правовой информацэмкІэ официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 9-м
№1-РЗ

Промышленностым и лэжьыгъэм кърикІуахэр

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущіащ КъБР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр Ахъуэбэч Шамиль икІи тепсэльыхьащ республикэм и промышленностыр 2020 гъэм зэрылажьам кърикІуахэм, дяпэкІэ я мурадхэмрэ ахэр зэфІэгъэкІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ.

МИНИСТРЫМ кьызэригъэлъэгъуамкІэ, промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр 2020 гъэм и щІышылэ - дыгъэгъазэ мазэхэм проценти 111-м нэсащ, я мурадам зы проценткІэ щІригъэгъуащ. Иужьрей илъэсхэр кьалщтэмэ, индексыр нэхъ ин дыдэ республикэм щыщыхьуэр блэкІа гъэрщ. Индексыр щынэхъ льагъэр продукцэм щелэжь Іэнатіэрщ - ар проценти 122,6-м нэсащ. Республикэм кьащыщІагъэкІа продукцэу нэгъуэщІ щыпІэхэм хурагъэшам, Іуэхутхьэбзэр ящІам щІышылэ - дыгъэгъазэ мазэхэм кьапэкІуар сом мелард 15,6-рэ мэхъу. Ар 2019 гъэм елъытауэ хуэдэ зыірэ ныкъуэкІэ нэхъыбэщ. Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къызэритамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ зи промышленностым кьыщІигъэкІым процентыр 10-кІэ щІезыгъэгъуфа щыналъэхэм. Къэралым и промышленностым ику иту кьыщІигъэкІыр процентыр 2,9-кІэ нэхъ мащІэ щыхьуэ зэманым ар екъуІэныгъэ хъарэнэщ щыналъэм дежкІэ.

Министрым кьигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ екъуІэныгъэхэр кьиныныр зи фІыгъэр. Ахэр кризисым пэщІэтыным хуэунэтІауэ кьыхаплъхьауэ щыта хэкІыпІэхэрщ; финанс-экономкІэ щытыкІэр зэпымыууэ я нэІэ зэрыщІагъэтарщ; я продукцэр зыІэрыхьэн хуейхэм хуаутІыпщныр кьэралым щагъэува мардзэхэм я зэранкІэ зэблэмыуным зэрыхуэсакъарц, Іуэхущапіэхэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зыщемигъэубгъуныжкІэ, абыхэм я лэжьыгъэр кьызэтемигъэувыІэныжкІэ зэфІагъэкІыпхъэ кьыхэрамыгъэнарщ, узыфэ зэрыщІалэм зэрызыщхъуамэ Іэмэпсымэхэр кьыщІэгъэкІыным промышленность псынщІэм и Іуэхущапіэ зыбжанэ зэрызэтеуухуарщ. Абы Іэмал кьитащ а Іэнатіэм кьыщІигъэкІым Іыхьэ щанэкІэ хагъэхъуэныжкІэ. «Узыфэ зэрыщІалэхэм зэрызыщІахъуамэ нэкІыпІухъуэу 2020 гъэм и мэлыжьыхьым ди дежь зы жэщ-махуэм мини 3 - 5 кьыщыщІагъэкІыу щытауэ арамэ, накъыгъэ - мэкъуаугъэуэ ІмаІэхэм я бжыгъэр мин 50-м нэсащ, уеблэмэ жэщ-махуэм мини 100-м нагъэсыфыныр Іэмал щыІащ», - жиІащ министрым.

Апхуэдэу зыкъыныгъэм лъабжьэ хуэхъуахэм ящыщщ УФ-м Промышленностым зегъэужьыныжкІэ и фондым «Узыфэ зэрыщІалэхэм япэщІэтыныр» и программэм республикэр зэрыхэтар. А программэм ипкъ иткІэ «Севкаврентген-Д» зэгухьэныгъэм щыхуэу сом мелуани 150-рэ къратащ, зы процент фІэкІа щхьэщимытыкІыну, илъэситІым кьириубыдэу ипшыныжми хъуну. Ягъэува мардзэхэм щхьэкІи я лэжьыгъэр зэпамыгъэууэ лэжьащ цІыхухэр махуэ кьэс зыхуэй хъу ерыскъыхэкІэр, хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр кьыщІэзыгъэкІ Іэнатіэхэр, апхуэдэуи кьэбгъэувыІэ мыхъу Іуэхущапіэхэр. Министерствэм промышленнэ Іуэхущапіэ мыинхэм, курытхэм защІигъэхуащ, УФ-м Промышленностым зегъэужьыныжкІэ и фондым быдэу пыщІауэ щытащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм пщэрыльэ зэращищІам тету, 2020 гъэм и дыгъэгъазэм республикэм и Правительствэм зэхилъхьащ икІи кьищтащ промышленнэ Іуэхущапіэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэр гъэлъэщэным хуэгъэпса хабзэщІэхэр. Къапщтэмэ, промышленностымрэ сатумрэ зегъэужьыныжкІэ щыналъэ программэм хагъэхьащ промышленностым и инфраструктурэм зыщІэгъэкъуэныжкІэ Іыхьэ щхьэхуэ, къимыдзкІэ, промышленностым зегъэужьыныжкІэ щыналъэ фондым и хуитныныгъэхэр ирагащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэсапіэ фондым икІи промышленнэ Іуэхущапіэхэм зэрызыщІагъэкъуэну щыкІэр яубзыхуащ.

Апхуэдэуи КъБР-м ПромышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэр щыналъэ 52-м ящыІэну хэтащ бюджетзэхуаку трансферт кьыхуаутІыпщыным теухуа зэпеуэм. Ар кьызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм хьыхь субъектхэм промышленностым зегъэужьыным хуэгъэза щыналъэ программэхэр щагъэзащІэкІэ я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр дэгъэкІыныжкІэ сэбэп хъун папщІэ. Абы Іэмал кьитынущ проектхэм хухах мылъкур кьыІэщІагъэуІуэным зэщІынъуэ хэтыныжкІэ, илъэсым процент 1 - 5 хуэдиз фІэкІа щхьэщамытыкІыну - процент 70-р къэралым, процент 30-р щыналъэм хилъхьэу. Іуэхущапіиплі арэзы техъуащ 2021 - 2023 гъэхэм ятещІыхьа программэхэр апхуэдэ щыкІэкІэ ягъэзэщІэну, псори зэхэту сом мелуан 884-рэ хуэзэу. Инвестицэ проектхэм ягъэзэщІэну жэрдэмым хыхьахэм ящыщщ гъущІ-бетон пкъыгъэхэр кьыщыщІагъэкІыу Аруан дэт заводыр, «Кавказкабель-ТМ» кабель заводыр, медицинэ Іэмэпсымэхэр кьыщІэзыгъэкІ «Севкаврентген-Д» заводымрэ «Садсервис» Іуэхущапіэмрэ.

Промышленностым и адрей унэтІныныгъэхэм я гугъу щищІым, министрым кьыхигъэщащ промышленность псынщІэр республикэм и Іэнатіэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщу зэрыщытыр. Іэнатіэм кьыщигъэкІахэр зыгурыІуахэм яхуегъэшэным, «щыгъын дыныр», «текстильм кьыщыкІа хьэпшыпхэр кьыщІэгъэкІыныр», «фэрэ фэхэкІхэмрэ щыныр» унэтІныныгъэхэмкІэ кьалэн зыщищІыжахэр гъэззэщІэным ящыхь итурэ 2020 гъэм и щІышылэ - дыгъэгъазэ мазэм кьалэжьам сом мелардым нэблагъэ хуоз. Илъэс кІуам и мазэ пщыкІутІым 2019 гъэм елъытауэ промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр процентищэм нэхъэрэ нэхъыбэкІэ хэхъащ. Промышленность псынщІэм кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущапіэхэм псори зэхэту продукцэ лІэужьыгъуэ 30-м щІигъу кьыщІагъэкІ. Іуэхущапіэ нэхъ инхэм хабжэ «Комплект» вакъэ щащІ фабрикэ» зэгухьэныгъэр, «Глория Джинс» Іуэхущапіэр, «Силуэт», «ДАРИЙ», «ВоенТекстильПром», «БТК» ООО-хэр. Мы зэманым республикэм и промышленностым щоладжь цІыху мини 6,5-м щигъу, абыхэм я Іыхьэ щанэр зыІутыр промышленность псынщІэм и Іуэхущапіэхэрщ.

Промышленностым зегъэужьыным, абы кьыщІигъэкІым хэгъэхъуэным хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІэхэм щытепсэлъыхьым республикэм и Іэтащхьэм КъБР-м Промышленностымкіэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэм пщэрыльэ щищІащ Тырныауз дзе вольфрамрэ молибденрэ кьыщыщІахьуи иІа щыпІэр лажьэу егъэжьажьым хуэгъэза проектым нэхъ егуГуну. «Урысейм Промышленностым зегъэужьыныжкІэ и фондым нэхъ жьыджэру ящІэжьэн хуейуи ди щыналъэм и промышленностым нэхъ инвестицэфІхэр кьешэлІэным хуэунэтІауэ», - кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм и кІэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ щазаем и 25-м республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ. Абы видеоконференц Іэмалкіэ хэтащ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым и сенатор Ульбашев Мухьэрбий.

ЗэІущІэм етІуанэ еджэгъуэу кьыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхум и хуитныныгъэхэр хъумэныжкІэ и уполномоченнэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 3-нэ Іыхьэм», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іулъхьэр зэІэпамыхьым щхьэкІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон щІыпагъэншагъэр кьыщІэзыгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и 3-нэ, 9-нэ Іыхьэхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр. Иужьрейм теухуауэ КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыжьмкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** жиІащ законопроектым кьызэрыщыгъэгъуэгъанкІэ, мафІэс щынагъуэншагъэм екъэлІа кьалэнхэр зыгъэзащІэ щыналъэ Іэнатіэхэм я Іуэхур зэрызэрагъакІуэ Іэмалыр къэралым зэрыщыщІэкІам зэрыщыщІэгъэкІыным, «щыгъын дыныр», «текстильм кьыщыкІа хьэпшыпхэр кьыщІэгъэкІыныр», «фэрэ фэхэкІхэмрэ щыныр» унэтІныныгъэхэмкІэ кьалэн зыщищІыжахэр гъэззэщІэным ящыхь итурэ 2020 гъэм и щІышылэ - дыгъэгъазэ мазэм кьалэжьам сом мелардым нэблагъэ хуоз. Илъэс кІуам и мазэ пщыкІутІым 2019 гъэм елъытауэ промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр процентищэм нэхъэрэ нэхъыбэкІэ хэхъащ. Промышленность псынщІэм кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущапіэхэм зэрыщыщІэкІам зэрыщыщІэгъэкІыным теухуауэ КъБР-м и муниципальнэ щыналъэм терроризм пэщІэтыныжкІэ и комиссэм и унафэм ебакъуэм е зымыгъэзащІам административнэ хабзэхэр кьыщыщІэпемыгъэудыныжкІэ и кодексым халъхьа зэхъуэкІныныгъэр теухуащ КъБР-м и муниципальнэ щыналъэм терроризм пэщІэтыныжкІэ и комиссэм и унафэм ебакъуэм е зымыгъэзащІам административнэ хэзыгъэкІыныгъэхэм теухуащ КъБР-м и Законым и 25-нэ Іыхьэм. Апхуэдэуи депутатхэм кьащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхур ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм теухуауэ» КъБР-м и Законым кьару зэримыІэжыр кьэлъытэным, республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжкІэ и комитетым и унафэщІ **Къажэр Хъусен** зэрыжиІамкІэ, зэхъуэкІныныгъэхэм ящыщ иткІэ цІыхур ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизыр ягъэбелджылынущ УФ-м и Правительствэм зэригъэувым тету.

КъБР-м и Парламентым Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Руслан** тепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я Іуэхур кьызэрыщызэрагъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэкІныныгъэхэм. Абы жиІащ къэрал Іуэхущапіэхэм я кьалэнхэм зэрыдыщІагъур. Псалъэм папщІэ, апхуэдэ пщэрыльхэм ящыщщ щыналъэхэм спорт лІэужьыгъуэхэм зыщІегъэужьыным ехьэлІа программэхэр гъэбелджылынымрэ ахэр гъэззэщІэнымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ мыхьэнэшхуэ иІэу илъэс кьэс щрагъэкІуэкІ спорт Іуэхуэхэр уб зыхуныр, апхуэдэ і ажьыгъэхэм текІуадэ ахъшэр зэрыкъухах щыкІэр зэзытеІэнырщ.

Депутатхэм даІыгъащ Кыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Карим Мустай сымя я цІэхэр Кавказ къурш тхыцІэ иным и бгищым яфІэщыным теухуауэ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр КъБР-м и Парламентым зэрызыхуигъэзар. КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щыІэ унафэхэр зехьэныжкІэ и комитетым и унафэщІ **Мэлбахъуэ Борис** жиІащ КъБАССР-мрэ Башкортостан Республикэмрэ я цІыхубз усакІуэхэм я фэеплъу ар кьызэрыхальхьар. «КъБР-м и Парламентыр дэфтэрхэм хэплъэн ипэкІэ, УФ-м и «Росреестр»-м и лІыкІуэхэм федеральнэ, апхуэдэ щыІэ, хабзэм тету, ЦІэ-джэм муниципальнэ районым щыпсэухэм я Іуэху еплъыкІэм зыщыдгъэгъуэзащ икІи ахэр зэрыарэзыщІкъагъэльэгъуащ. КъБР-м и Парламентыр дэфтэрым арэзы техъуа нэужь, абы теухуа унафэр кьэзыщтэнур УФ-м и Правительствэращ», - жиІащ Мэлбахъуэм.

Депутатхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хальхьащ КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм. Ахэр едэІуащ УФ-м Юстициэмкіэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэр 2020 гъэм зэлэжьам. Іуэхущапіэм и унафэщІ **Кужонов Жантемыр** жиІащ 2021 гъэм щыщылэм и 1-м ирихьэлІэу УФ-м и щыналъэхэм я федеральнэ регистрым и базэм акт 8151-рэ зэрирыр, абы щыщу 5335-м кьару яІэу зэрыльажьэр. Псори зэхэту ирагъэкІуэкІа кьэхутэныгъэхэм ятеуухуауэ кьэпщытакІуэхэм я тхыгъэ 11102-рэ регистрым иралъхьащ. Абыхэм яхэтщ федеральнэ законодательствэм емызэгъэу 558-рэ. Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, мы зэманым регистрым хэткъым федеральнэ законодательствэм емызэгъэкІыжыкІэ зэгухьэныгъэ щыІэ. Абы щыщ ящІэ. Ахэр ящІэ я хуитныныгъэхэр ящІэн я хуитныныгъэхэр ящІэн щыІэ МВД-м, ШынагъуэншагъэмкІэ къэрал кьулыкъущапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм ирагъэкІуэкІа Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● КъБР-м и Парламентым

Зи чэзу зэІущІэр ирегъэкІуэкІ

Лъэпкъ программэм ехьэлІа Іуэхуэхэр зэпкърах

КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьныныгъэмкІэ и министр Ащхъуэт Исэлам лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущіащ УФ-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьныныгъэмкІэ, связымрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ и министрым и къуэдзэ Иванов Олег.

ЗэІущІэм щызэпкърахащ «ХъыбарегъащІэ Іэмалхэр» щыналъэ проектым хыхьэ «Бжыгъэр зи тегъэщапіэ экономикэр» лъэпкъ программэр гъэзэщІэным ехьэлІа Іуэхуэхэр.

ПсынщІэ дыдэу лажьэ интернетым 2021 гъэм кьуриубыдэу падзэнщ ехьэлІауэ курыт щІэныгъэ щрагъэуцт и Іуэхущапіэ, фельдшер-акушер пункт псори.

Апхуэдэуи хэплъащ щыналъэм и къуажэхэм я администрацэхэмрэ цІыхухэр нэхъыбэрэ зыхуей хъу нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэмри «дунейпсо бдджыхьым» пыщІэным хуэунэтІа Іуэхуэхэм. Кьалащхьэм пэщІэтэ жьлэхэми связым и иджырей Іэмалхэр нэсу кьыщагъэсэбэпыным хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІэхэм я гугъу ящІащ кьулыкъущІэхэм. КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм кьигъэлъэгъуащ зыхэпльа Іуэхуэр, кьалэнхэр зэфІэгъэкІыныжкІэ иІэ Іэмалхэр. ЗэІущІэм щызэгурыІуащ а кьалэнхэр зэфІэгъэкІыным зэгъусэу елэжьыну.

ДЖАТЭ Къантемыр.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Къэрал Іуэху

Урысейм щыпсэухэр ябжынущ

Урысейм щыпсэухэр бжыным и сайтым хъыбар къызэриатамкІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм къэралым исхэр зыхуэдизыр къэлэтыгъэр 2021 гъэм и фокІадэ мазэм ирагъэкІуэкІыну унафэ кьиштащ. Дунейр зэщІэзыщта COVID-19 узыфэр а пІалъэм ирихьэлІэу нэхъ кІэщхьэну, цІыху зэхьхьэри нэхъыбэ хъужыну щогугъ.

ІЭЩІАГЪЭІХЭМ зэрытрагъэчыныхьымкІэ, COVID-19 узыфэм и ягъэкІэ къэралым щыщыІэ хъуа щытыкІэр кІуэ пэтми нэхъ зэтес щохьу, сымаджэхэм я бжыгъэм хощІ, узым зэребэнын хуей Іэмалхэр нэхъ нахуэ мэхъу, вакцинэр зэрыхалъхьэну программэр зэІубгъэ. КъызэгъэпэщакІуэхэм 2021 гъэм и фокІадэ мазэр «нэпІъэжьыгъуэу», Іуэхур къыдэхьным теухуауэ пІалъэщІэри нэхъ шынагъэншэу ягъэуващ. Абы къищынэмыщІауэ, абыхэм трагъашІэ мыпхуэдэ щхьэусыгъуэхэми:

ягъэрауэ, а Іуэхур 2021 гъэм и фокІадэ мазэм егъэкІуэкІыным Іэмал кьыует а пІалъэнэм ирихьалІэу кІэрахьэжьэ статистикэ лэжьыгъэхэр кьиІэспымыдауэ игъуэм кьиІэзгъэпэщыпымкІэ, ипэ итА илъэсхэм къэралым дунейми хІыуІыпУ щыхъуэ статистикэ бжыгъэхэмрэ ІэшІэгъэ-ІэшІэгъэ-ІэшІэгъэ-

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ

ЛІыкІуэ лъапІэм къыдэхъуа телъыджэхэр

● Уаз

Дызэрыт илъэсым гъатхэпэм и 11-м тохуэ муслымэн псоми ди зэхуэдэ жэщ лъапІэу Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуар) Меккэм ирашу Иерусалим щашар, уафэм щыдрашеиР.

А жэщым и лъапІагъыр КъурІэнми хьэдисхэми къыщыкІуащ икІи а жэщым Алихьым и арэзыныгъэр къэлжьыным нэхъыбэрэ телжьапхъэщ. Алихьым и Іэмыркіэ, а жэщ закъэуэм къэхъуа телъыджэхэр икъукІэ гъэщІэгъэунэщ икІи кІыхьщ, ауэ дэ нэхъ гъэщІэщІауэ иджыри зэ фигу къэдгъэкІыжынщ.

ЖЭЩЫМ нэмэз ищІри, ЛІыкІуэ лъапІэр (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуар) щхьэкъуэуэ, ДжэбрэІил мелыІычыр къыхуеХащ, бегъымбарыр (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуар) КъурІэнми щІэнагъэ тригъэтІысхьащ. Хьэдисым къызэрыщІыуамкІэ, псэущхьэр дахэ дыдэт, дамэшхуитІ тетт, и цІэр Буракът, ар апхуэдизкІэ псынщІэу кІуэрти, нэр здынэплъысым и лъэр нэсыр.

ИерусалимкІэ ауэнтІауэ здэкІуэм, ахэр Іущ1ащ тельыджэ куэдым (абыхэм ящыщщ Мусэ бегъымбарыр Алихьым щепсалъэу щыта бгыщхэр. Хьисэ бегъымбарыр къыщалъхуа щІыпІэр, нэгъуэщІ куэди). Апхуэдэ щІыпІэхэм я деж Бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) нэмэз щищІурэ, ИерусалимдэІ «Аль Акъсэ» мэжджытым нэсахэщ. Абы щІыхьа нэужь, япэ дыдэу зыІущІар Ибрэхьим бегъымбарырщ. ЛІыкІуэ лъапІэм жиІэжауэ хьэдисым къызэрыщІыкІуамкІэ, Ибрэхьим и теплъэкІэ ещхьт езы Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам). ИужькІэ Іущ1ащ Мусэ бегъымбарым. ЛІыкІуэм и хьэдисым къызэрыщІыкІуамкІэ, Мусэ лІы лъагэт, къамылыфэт, лъагэуГъуэфІэт, щхьэц баринэ тельт. ИужькІэ ахэр яхуэзащ Хьисэ бегъымбарым. Хьисэ щІалэ щІыкІутэкъым, ауэ икІи лъагэтэкъым, щхьэц щабэ тельт.

Мухьэмэд бегъымбарыр я Іимаму ЛІыкІуэхэм «Аль Акъсэ» мэжджытым нэмэз щащІащ. ИужькІэ, ДжэбрэІил бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) къыхуишияц стэканитІ: зым шэ, адрейм шагъыр ярыту. ЛІыкІуэр Іэбэри, къыхихащ шэ зэрыт стэканыр. ДжэбрэІил жиІащ: «Уэ къабзагъэр къыхэпхащ». ИужькІэ, ЛІыкІуэр (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуар) драшещ уафэм и япэ къатым. МелыІычым къеупщІахэщ: «Ухэт уэ?» «сы-ДжэбрэІилщ». «Уи гъусэр хэт?» «Мухьэмэдщ». «Ар ЛІыкІуэ?». «ЛІыкІуэщ». Уафэм и бжэр щІыхуэзІуахьи, ахэр Іущ1ащ Іэдэм бегъымбарым. ЕтІуанэ къатым абыхэм къащыІущ1ащ ЛІыкІуэхэу Хьисэрэ Ехьярэ, ещанэ къатым абыхэм щалъэгъуащ Алихьым дахагъэу кІигъэщІам и зэхуэдитІымкІэ зыхуэупса Юсуф бегъымбарыр, еплІанэм Идрис, етхуанэм Хьрун, еханэм Мусэ, ебланэм Ибрэхьим лІыкІуэ лъапІэхэм къахуэзащ.

ИужькІэ ахэр Алихьым къигъэщІауэ зыри (мелыІычэм я деж щегъэжьауэ) зэмыбэкъуа щІыпІэм щынэсыи, ДжэбрэІил жиІащ: «Мыбдежым нэсщ сэ сызэдкІуэну сыхуитыр. Уа, ЛІыкІуэ лъапІэу Алихьым фІыуэ илъэгъуа, адэкІэ зы лъэбакъуэ счыжмэ, Тхьэм и нурым силыпщІынущ».

ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) и закъуэу адэкІэ щыкІуатэм, абы къыхуэзІуахащ нэгъуэщІым зыми къыхуэзІуамыхэ Іупхъуэр. Абдежым Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) илъэгъуащ, ипэкІэ зыми ямылъэгъуа Алихьым и теплъэ телъыджэу зихуэдэ щымыІэр. Абы щыгъуэм Алихьымрэ ЛІыкІуэмрэ зэпсэльащ, я зэхуаку зыри дэмыІу. А жэщ лъапІэм теухуауэ хьэдисым мыпхуэдэу къыщыкІуащ: Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІащ: «А жэщым Алихьым къалэн тщ1ащ1ащ жэщ-махуэм къуирыбудэу нэмэз щэ ныкъуэ тщІын хуейуэ. Иужьым, сыкъыщІехьжьым, Мусэ ЛІыкІуэр къызэупщІащ: «Сыт уи Іуэмэтым къалэн ящ1ащІар?» - «Нэмэз щэ ныкъуэ», - щыжьісІэм, Мусэ чэнджэщ къызитащ: «Тхьэ лъапІэм дех Іэзэжи, елъэІу нэмэзым и бжыгъэр фхуиГъэмэщІэну, уи Іуэмэтым яхуэзфІэкІакъым апхуэдизыр. Ар сэ згъэунэхуащ, Іисрэил и бынми яхуэзфІэкІакъым». Алихьым деж згъэзэжри, селъэІуащ: «Си Тхьэ лъапІэ, нэмэзым и бжыгъэр нэхъ мащІэ яхуэщІу си Іуэмэтым». Алихьым а бжыгъэр тхукІэ нэхъ мащІэ ищІащ. ИужькІэ аргуэру Мусэ къызжиІащ: «Ари куэдщ, гъэзэжи, Алихь лъапІэм елъэІу нэхъ мащІэ ищІыну», - щыжиІэм, аргуэру згъэзэжри, селъэІуащ. Мис апхуэдэурэ, селъэІуху, нэмэзым и бжыгъэр тхукІэ нэхъ мащІэ ищІурэ, Алихьым къыттриІэха нэмэз щэ ныкъуэм и бжыгъэр тхум нэсащ. ИужькІэ Алихьым къызжиІащ: «**Шэч хэлъкъым кьалэн фщысщІа нэмэзитхур зыщІым, нэмэз щэ ныкъуэр ищІауэ зэрыстхыным (зы нэмэз фщІыху, нэмэзипщІ фщІауэ стхынщ). Фіы илэжьыну гухэлъ зыщІам, и гухэлъыр имыгъэзэщІами, абы хуэстхынущ зы псапэ, ауэ и гухэлъыр игъэзэщІамэ, хуэстхынущ псапипщІ. Іей илэжьыну гухэлъ зыщІу ар зымылэжьам хуэстхынукъым гуэныхь, ауэ ар зылэжьам хуэстхынур зы гуэныхьщ».**

Мис апхуэдизу гущІэгъу кьытхуещІ ди Тхьэ лъапІэм.

Аращ нобэ нэмэз щэ ныкъуэ дымыщІу, нэмэзитху щІэтщІыр. А жэщ лъапІэм ипэкІэ ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) нэмэз зэрищІу щытар Ибрэхьим бегъымбарым зэрищІу щытам хуэдэущ (пщэдджыжьым тІысыгъуитІрэ, пщ1ыхьэщхьэм тІысыгъуитІрэ). А жэщ лъапІэращ нэмэзитхур кьалэн щытщ1ащІари, абы щыгъуэщ нэмэзитхум и уахътыри (щащІын хуей зэманыр), ар зэрыщІын хуей щІыкІэри ДжэбрэІил ЛІыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) къыщригъэлъэГъуари.

А жэщым ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) илъэГъащ нэгъуэщІ телъыджэ куэди: жэнэтри, жьыхьэнмэри, абыхэм щыІэхэри.

Алихьым и кьарур инщ, а жэщым ДжэбрэІил Мухьэмэд бегъымбарыр кьигъэущу Буракъ щытригъэтІысхьам, псы зэрыт джырафинэ яГъэдэхэм ит псыр кьимыж щІыкІэ апхуэдизу гъэГъанэр зэпрагъэри, здэщысха щІыпІэм деж кьаущэжат ЛІыкІуэ лъапІэр (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуар).

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Нобэми мэлажьэ

Китайм нэхъ ин, нэхъ жьы дыдэу дэт «Сиань» мэжджытыр 742 гъэм ящІауэ щытащ.

Абы и теплъэр Китайм щауху унэхэм ещхьу щытщ, ахэм джапІэхэр пхъэкІэ щІащ. Мэжджытым и кІуэцІыр КъурІэн Іэятхэмкіэ гъэщІэрэщІащ. Абы щІыхьапІэу плІы иІэщи, дэтхэнэми и теплъэр кьыпхуэмыІуэтэным хуэдизу дахэщ. Тхьэм и унэм и хуереГъэм удз гъэГъа щыхэсащ. Ныбжьыщхэу зиІэ мэжджытыр нобэми мэлажьэ.

● Хьэдисхэр

ШыІэныгъэ зыхэлъырщ ЛІыгъэ зиІэр

Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуа ЛІыкІуэ лъапІэм жиІащ: «Ныбжьэгъум папщІэ щэхуу Тхьэм елъэІум и лъэІур къабыл мэхъу. Ныбжьэгъум хуэльаГуэм щхьэкІэ мелыІычхэри Алихьым йолъэІу, езыми апхуэдабзэу гущІэгъу кьыхуащІыну».

* * *

«Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІащ: «Щытыкіэр нэхъри нэхъ гугъу фымыщІ. Сыт хуэдэ Іэхэри зэрывгъэпсынщІэным фыхущІэкъу. Іэмал зэрилэкІэ щІыхум хъыбарыфІ фІэкІа жеймыщІ. ЦІыхум фыкъилъагъу нэхърэ зыкъыфщигъэпщкІымэ нэхъ къищтэу, апхуэдэ щытыкіэм нэвмыГъэс».

* * *

«ЛІыгъэ зиІэр кьару зыхэлъыракъым. ЛІыгъэ зиІэр шыІэныгъэ зыхэлъыращ».

* * *

«ЩІыуагъэ зэрилэжьам щхьэкІэ щІегъуэжауэ гурэ псэкІэ тобэ къэзыхьыжа цІыхур хуэдэщ игъащІэм зэи щІыуагъэ зымылэжьам».

* * *

«Алихьым фІыуэ илъэГъуа цІыхур щытыкІэ гугъу гуэрым ирегъахуэ, абы и Иманым игъэунэхун папщІэ»

* * *

«Алихьым и нэлатыр тельщ зи адэ-анэм ящІэкІие быным».

* * *

Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиІащ: «Эрман къэкІэунущ ислъам диныр зепхэн нэхърэ гъущІ гъэплъар пІыгъыну щынэхъ тыншын».

* * *

Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиІащ: «Муслъымэным дэІэпыкъуу и зы гуэзвэгъуэ гуэр щхьэщІзызыхьи, Къемэт махуэм езым и гуэзвэгъуэ гуэр Алихьым щхьэщихынщ».

* * *

«Гурэ псэкІэ тобэ къэзыхьыжа цІыхум ипэкІэ Іэщ1эщІауэ щыта и щІыуагъэ езыхъэуэн цІыхур дунейм ехьжьынукъым, езыми апхуэдэ дыдэ щІыуагъэ къыІэщІэмыщІауэ».

Алихьыр арэзы зыхуэхъун Билал къыщалъхуащ Сауд Хьэрыпым и КъухьэпІэ лъпыкъуэмкІэ щыІэ къуажэхэм ящІщІ зым. Абы и адэ Ребэрэ и анэ Хьэмамэрэ Эфиопием къыщалъхуащ, ауэ Сауд Хьэрыпым щыпщІылІэт.

БИЛАЛ щІалэ фІыцІэ лъагэшхуэт, Африкэм и адрей цІыхухэмэ хуэдэу, абыи и щхьэщхэр баринабзэт. Билал и ныбжьыр илъэс 30 хъууэ арат исЛъам диным къыщихьам. Исльам диныр къызэрыщтар мышынэу хэІущІыу къэзыщІа цІыхуиблым ящІщІ зыт Билал. Исльам диныр къызэрищтам щхьэкІэ, хьзэаб куэд зрагъэшэча цІыхуитхуми ящІщІщ ар. ЩІэныгъэлІхэм я тхылъхэм къызэрыщІыкІуэмкІэ, Билал апхуэдизкІэ гумащІэт, зэпІэзэрытти, и цІэр фІыкІэ щыжаІэм деж и щхьэр ирихьхырт, ауэ и нэпсхэр занщІэу напэм къытелъадэрт.

Билал и пщІэр а и зэпІэзэрытагъым апхуэдизкІэ иІэтати, Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиІауэ щытащ: «Зы лІыкІуи щІакъым ныбжьэГуфІиблКІэ Алихьыр зыхуэмыупсауэ. Сэ апхуэдэ ныбжьэгъу 14-кІэ Тхьэр къысхуэупсащ: Хьэмэзт, Джэхьфар, Алий, Хьэсэн, Хьусейн, Абу-Бакр, Джэхьфар ибн-Алий, Хьумар, Микъдад, Хьузейфэ, Сэлмэн, Хьэммарэ, Билал ибн-Мэсхьуд, Абу-Заррэ. НэгъуэщІ хьэдисым къыщыкІуащ: «Зэгуэрым, пщэдджьыжь нэмэзыр ящІа нэужь, Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) Билал зыхуигъаазэри, жриІащ: «Уа, Билал, исльам диным щыблэжь Іуэхугъуэхэм къыскухтепсэлъыхьыт, шэч хэлъкъым жэнэтым къыщыІу уи лъэ макъыр ныжэбэ зэрызэхэсам». Билал жэуап къитащ: «Уа, ЛІыкІуэ лъапІэ, жэщ-махуэ имыІэу андез сощтэ. Андезыр сщтаеу Алихьым папщІэ нэмэз сымыщІу зэи къэзгъанэркъым. Си гъащІэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэри Алихьым щхьэщэ зэрыхуэсщІырщ».

● Упщ1эхэмрэ жэуапхэмрэ

Фарзымрэ суннэтымрэ сыткІэ зэщхьэщидзрэ?

Фарзыр Алихьым кьыттриІэха къалэнхэращ. Ахэр Іэмал имыІэу гъэзэщІапхъэщ, дымыгъэзащІэмэ, кьытхуэмыгъуну Іуэхугъуэщ. Фарзу Алихьым кьыттриІэхьар тхущ зэрыхъур: шэхьадэ къэхьыныр, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, «Іэшхьэдуіэнэ лаІилахьэІиллэлахь Мухьэмэд рэсулулахь» («Сэ щІыхьэт сытохъуэ Алихьым фІэкІа нэгъуэщІ Тхьэ зэрыщымыІэм, Мухьэмэд Абы зэрилІыкІуэм» - ращ абы и мыхьэнэр) псалъэхэм шэч кьытумыхьэу, уи гум къыбГьэдэкІыу жьІэныр; нэмэз уахътитхур щІыныр; Рэмэдан мазэм нэщІыныр; мылькум сэджыт хэтыкІыныр; хьэж щІыныр (хьэжыр зытехуэр мылъку зиІэхэращ). Ращ фарзхэр зэрыхъур. А къалэнитхур дымыгъэзэщІэнкІэ Іэмал иІэкъым, дымыгъэзащІэмэ, жэуап тхьынущ.

Суннэтыр куэд мэхъу. Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуа Мухьэмэд бегъымбарым игъэзащІэу щыта Іуэхугъуэ псоми суннэткІэ йоджэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, рэмэдан мазэм нэмыщІ, адрей мазэхэм нэщІныр, е, блыщхьэмрэ махуэкумрэ нэщІныр, псапэ нэмэз щІыныр, нэгъуэщІ, куэди. Суннэтыр пщІыми умыщІыну хъунущ, ауэ пщІымэ нэхъыфІщ - псапэщ. Суннэтыр зыгъэзащІэмрэ зымыгъэзащІэмрэ я псапэр, дауи, зэхуэдэ хъунукъым. Ращ фарзымрэ суннэтымрэ зэрызэщхьэщидзыр.

ЛІам хуэпщІэну нэхъыфІыр сыт?

ЛІам и псэм КъурІэн ухуеджэныр псом нэхърэ нэхъыфІщ. Псом хуэмыдэу «Ясин», «Рахьман», «Фатихьэ» сурэхэр. КъищынэмыщІауэ, хьэдисхэм къыщыкІуащ лІам бныкфІ къыщІэнамэ, а быным илэжь Іуэхугъуэфі псоми къапэкІуэ псапэм щыщ адэ-анэм зэрыхуатхыр. Псалъэм и хьэтыркІэ, псы щІэзышам, лъэмыж тезыльхьам абы и Іэдакъэм къыщІэкІар къагъэсэбэпыху псапэр зэпымыууэ лІам и псэм лъысынущ. Е тхыпІ щхьэпэ гуэр къыдэзыгъэкІам и псапэри апхуэдэбзэщ. Аращи, бныкфІ къэзыгъанэу дунейм ехьжа адэ-анэр хуэдэщ псэууэ Алихьым папщІэ псапэ зылэжьым.

Алихьым и арэзыщІынигъэм толажьэ

1976 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м Налшык къалэ къыщалъхуащ Сыжажэ Алим Сэрэбий и къуэр.

АДЫГЭМ псалъэжьу диІэщ: «ЛЪэужьыр бжьиблкІэ мауэ». Алим и адэшхуэр (и адэм и адэр) КъурІэн Іыхьлыгъ щытащ. Алим иджыри сабий дыдэу техьат адэшхуэм и лъагъуэм.

Зы махуэ гуэрым лІыжьыр КъурІэн еджэу здэщысым, илъэсиплІ ныбжьым ит Алим жиІащ: «Дадэ, КъурІэным ущеджэкІэ, щыуагъэ гуэр хибощІыхь». КъурІэным еджэн иуха нэужь, адэшхуэр сабийм тІэкІу къыщеихьыдэм, анэшхуэм жиІащ: «Уа, мы сабийм Алихьым уэхьий къыхуигъэкІауэ арами пщІэркъым, абы щхьэкІэ щхьэ уешхыдэрэ?» Апхуэдэу щыхъуми, лІыжьым жиІащ: «Сэ къытесгъэзэжынщи, иджыри зэ сыкъеджэнщ, уэ къыжеІэт си щыуар». Сабийм дадэр щыщІыуар наІуэ къыщІащ. Пэжт сабийм жиІэр. Дадэм зы щІыпІэм деж щыуагъэ хищІыхьырт. Ар лІыжьым, дауи, телъыджэ щыхъуащ икІи мурад ищІащ сабийр КъурІэным нэхъ кууэу еджэу иригъэсэну.

ИльэсиплІ фІэкІа зимыныбжь сабийм, дауи, иджыри ищІэртэкъым тхэкІи еджэкІи. Ауэ щыхъукІи, адэшхуэм хуитха хьэрпІ хьэрфыльэр зэуэ зригъэщІат. А зэманым хьэрпыбзэ зэбгъэщІэнри КъурІэн уеджэнри иджыпсту хуэдизу тыншу щытакъым. Махуэ ныкъуэм и кІуэцІкІэ хьэрпІ алфавитыр Алим щызэриГъэщІэм, А зэманым диныр хуиту зэрахьэфу зэрыщІымытам къыхэкІыу. Адэшхуэм зэрыжиІам тету, Алим щеджэ школым ящІакъым ар КъурІэн зэреджэр. Ауэрэ, Сыжажэр 9-нэ классым щІэсу, лэжьыгъэм хуезыгъаджэу щыта урыс щІалэм я классыр музейм ишащ. ЕджакІуэхэр лъэныкъуэ псомкІи зэбгрыжауэ, хэт сыт фІэтелъыджэми зэпалпльыхьыт. Алим и пІэм ижьхьауэ зы щІыпІэ деж щІыт, КъурІэнышхуэ зэІухам и нэхэр тедиГуэ. Ар щалъагъуэм, ныбжьэгъухэри егъэджакІуэри къыбГэрэдыхьэри, къеупщІащ. «КъурІэн уеджэфу ара, Алим?», жаІэри. «Соджэф», - жиІэу жэуап щаритаращ Іуэхур зыІутыр ныбжьэгъухэм къыщащІар.

- СфІэтелъыджэ хъуат дезыгъаджэ урыс щІалэм КъурІэн седжэу къыщищІам, пщІэ лей къысхуищІхуауэ зэрыщытар, - игу къегъэкІыж Алим.

9-нэ классыр къиуха нэужь, школым къыщІэкІри, Алим Пщ1ыхьэщІэ Шэфихь и деж кІуащ, ислъам динымкІэ щІэныгъэ зригъэГъэтыну зэрыхуейр жриІэну.

Ислъам динымкІэ щІэныгъэ щраГъэгъэуту Гагаринм и цІэр зезыхьэ институтым щІэтІысхьэ псом япэ, - къыжриІащ Пщ1ыхьэщІэм.

Алим а институтыр ехъулІэныгъэкІэ къыхэк нэужь, ефэнды нэхъыжьу, Хэжь Мухьэб и кІуэдзэу яГъэуващ. Аузрэ а къалэнри игъэзащІэурэ, зэман гуэр дэкІри, езыр щеджа 4-нэ школым игъэзэжащ, ислъам диным щІэблэр щыхуригъэджэну. Мис апхуэдэурэ школ зыбжанэми, сабий садхэми щригъэджащ Алим зыкъомрэ. Искож хьэблэм 1995 гъэм мэжджыт къыщыщІэуІауэ, абыи Іиманым щыпэжьащ икІи щригъэждащ цІыху куэд.

2004 гъэм Пщ1ыхьэщІэ Іэнас Сыжажэр иригъэблагъэри, жриІащ езым и куэдзэу игъэлэжьэну зэрыфІэкъабылыр. А гъэм щегъэжьауэ 2010 гъэ пщІондэ Алим Пщ1ыхьэщІэм и къуэдзэу лэжьащ.

Нобэ Сыжажэр КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Дзасэжь Хьэзрэталий и къуэдзэу мэлажьэ. Абы къалэн зэмылІэужьыгъуэ куэд и пщэдэлъщ, щІалэгъуалэм хуабжьу ядолажьэ. «Псапащ1э Іэзху» зэгухьэныгъэм и унафэщІщ. Ерыскъыпхъэхэр ислъам диным къигъэув мардэхэм зэрытетыр къэзыгъэнаІуэ «Хьэлэл» ІэнатІэм и унафэщІщ.

ЩІалэгъуалэм щІэпхъаджагъэ Іуэхум зыщадзеин, ахэр псапащІэ Іуэхум дихьэхын папщІэ, лъэныкъуэ куэдкІэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр ирегъэкІуэкІ Алим. Дин щІэныгъэм хилъхэ и гуащІэм, щІалэгъуалэм ябгъэдилъхьэ гъэсэныгъэм папщІэ КъБР-м и Правительствэм къыбГэдэкІыу ЩІыхь тхьилъ къыхуагъэфэщащ Сыжажэм. КъыщыщІэдзауэ, Кавказ Ищхъэрэм иц муслъымэнхэм я ззэыгъэуІу центрым, Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм, МВД-м, Спортымкіэ министерствэм, нэгъуэщІ къуплькъущІапІэхэм къабГэдэкІыу Алим тыгъэ къыхуащІащ орден, фІыщІэ, щытхъу тхьилъ, саугъэт зэмылІэужьыгъуэ куэд.

Сыжажэм еджапІэ зыбжанэ къиухами, ислъам динымкІэ щІэныгъэ зыбжанэ зригъэГъэутами, бгъэдэлъ щІэныгъэр куэду къилъытэркъым, уеблэмэ махуэ къэс абы зэрыхигъэхъуэным хущІэкъу зэпытщ. Алим и щІэныгъэм щыхигъэхъуауэ УФ-м и Президентым и нэІэ щІэт, ЦІыхубз хозяйствэмрэ къэрал къулыкъымкІэ Урысей Академием цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэн унэтІыныгъэмкІэ и къудамэм. Сыжажэр Псыхуабэ къэрал университетым дин щІэныгъэмкІэ и аспирантщ.

ЦІыхубзр къыхуэарэзыуэ, и кьару емыблэжу Алихьым и арэзыщІынигъэм телажьэ зэпытщ Алим. Сыжажэм адэкІи и мурадхэр нэхъыбэжщи, къехъулІэну Тхьэм жиІэ!

● Щапхъэ

Гъатхэпэм (мартым) и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджьыжь нэмэзыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	05.20	06.43	12.28	15.32	17.55	19.28
2, гъубж	05.18	06.41	12.28	15.33	17.57	19.29
3, бэрэжьей	05.17	06.40	12.28	15.34	17.58	19.30
4, махуэку	05.15	06.38	12.28	15.35	17.59	19.31
5, мэрем	05.13	06.36	12.27	15.35	18.00	19.32
6, щэбэт	05.12	06.35	12.27	15.36	18.02	19.34
7, тхьэмахуэ	05.10	06.33	12.27	15.37	18.03	19.35
8, блыщхьэ	05.08	06.31	12.27	15.38	18.04	19.36
9, гъубж	05.06	06.29	12.26	15.39	18.05	19.37
10, бэрэжьей	05.05	06.28	12.26	15.39	18.07	19.39
11, махуэку	05.03	06.26	12.26	15.40	18.08	19.40
12, мэрем	05.01	06.24	12.26	15.41	18.09	19.41
13, щэбэт	04.59	06.22	12.26	15.41	18.09	19.43
14, тхьэмахуэ	04.57	06.21	12.25	15.42	18.11	19.44
15, блыщхьэ	04.55	06.19	12.25	15.43	18.13	19.45
16, гъубж	04.54	06.17	12.25	15.44	18.14	19.46
17, бэрэжьей	04.52	06.15	12.24	15.44	18.15	19.48
18, махуэку	04.50	06.13	12.24	15.45	18.16	19.49
19, мэрем	04.48	06.12	12.24	15.46	18.17	19.50
20, щэбэт	04.46	06.10	12.23	15.46	18.19	19.52
21, тхьэмахуэ	04.44	06.08	12.23	15.47	18.20	19.53
22, блыщхьэ	04.42	06.06	12.23	15.47	18.21	19.54
23, гъубж	04.40	06.05	12.23	15.48	18.22	19.56
24, бэрэжьей	04.38	06.03	12.22	15.49	18.23	19.57
25, махуэку	04.36	06.01	12.22	15.49	18.25	19.58
26, мэрем	04.35	05.59	12.22	15.50	18.26	20.00
27, щэбэт	04.33	05.57	12.21	15.50	18.27	20.01
28, тхьэмахуэ	04.31	05.55	12.21	15.50	18.27	20.02
29, блыщхьэ	04.29	05.54	12.21	15.51	18.29	20.04
30, гъубж	04.27	05.52	12.20	15.52	18.30	20.05
31, бэрэжьей	04.25	05.50	12.20	15.53	18.32	20.07

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Осетие Ищхъэрэм и унафэщІхэм я хьэщІэщ Иорданием щылажьэ Адыгэ Фыыщіэ Хасэм и тхъэмадэ, генерал-майор Бырмамыт Фэуазрэ «Хэку» ассоциацым и унафэщІ Ефэнды Джыпахьстэнрэ. *Сэмэгумкіэ етуанэр* **Осетие Ищхъэрэм и Унафэщі Каболоев Биларщ.** *Владикавказ, 1985 гъэ*

● ЖыІэгъуэхэр

Ныбжьэгъужьым уи щІыб хуумыгъазэ

♦ Плъагъу мыхъу цІыхуми гущІэгъуэр цІыхугъэкІэ декІуэкІыпхъэщ.
♦ Псалъэ дыджым гущІэгъуэр гум къреху, гущІэгъуэр гум имыльыжмэ цІыхугъэр гугъу йохь.
♦ ЦІыхум хуэпщІэм-хуэпщІауэрэ зэ хуэмыщІэгъуэм псори кІуэдыжмэ, умылъыхъуэ - бгъуэтыжьынукъым.
♦ Тхылъ емыджа цІыхум дунейр здэжэри зыхуэжэри ищІэркъым.
♦ Лъагъунытгъэ нэпцІыр жьэм къыщипсэлъкІэ, шыгъуи фошыгъуи зыхэмылъ хъудырыпс хьэ Іусым ещхьщ.
♦ Дзэ зэхуакум дэна шхыным бзэгур зэреныкъуэкъум ещхьу, цІыхум пцІы щиупскІи бзэгум имыдамэ арат.
♦ Узыдэуэршэр цІыхур хущхьэу хуежьамэ, уи псалъэм ІкІыдщ зегъэщІ.
♦ Жьихапхъэщіэр къабзэу пхъанкІэу жаІэ, ауэ абыхэмри ихэтщ тІэкІу зэгъэзэхуэжьи хуейхэр (нысэ гъэсэкІэм теухуащ).
♦ НыбжьэгъуэщІэ къэзгъуэтащ жьпІэу ныбжьэгъужьым уи щІыб хуумыгъазэ.
♦ ЦІыху щыІэкъым, хэлъ псори хьэлыфІ защІэу, ауэ хьэл Іейр игъэпщкІуфрэ фІыр къигъэлъэгъуэфмэ хъарзынэщ.

ЧЭГЪЭДУ Сэлихьэт.

● Къуажэхьэр

Дыжьын щІыІуу зэрылъэлъ

♦ Адакъэкіэ, пшагъуэхэплъ.
♦ Вы плъыжь здэщысым удэ къыщыкІыркъым.
♦ Ди бжыхьыпэ лы цІыкІу пызщ.
♦ Дыжьын щІыІуу зэрылъэлъ.
♦ Къэрабэу плъыфэ, уафэм едэзкІа.
♦ Мафий, мэкІий, хьэкъугъыр къреш.
♦ Тхьэмпабгъуэ и къуэ лІы хъурей.
♦ Іэфіыр зыгъэдыдж, дыджыр зыгъэІэфІ.

ЖЭУАПХЭР:

Мазэ ныкъуэ. МафІэ. Бгъ. Гуащ. ЛІэгъуныкъуэ. Жмаитэ. Къэб. Щыгъу.

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

Шатэкіэ гъэбэкхъа кІэртІоф

КІэртІофыр зэпэплІимэ цІыкІуурэ ящпщІатэ. Бжьыныщхьэ укъэбзар щимэ цІыкІуурэ ящпщІатэ, бжьыныху укъэбзар шыгъу хэлъу яуб. Тебэ куукІэ дагъэр къагъэпль, градуси 130 - 140-рэ хьууи, абы халхьэ кІэртІоф упщІэта гъэжэпхъар, тхъуэплъ хъурукІи зэІаІэзуэрэ ягъажьэ.

Бжьын упщІэта халхьэ, зэІащІэуэрэ ягъэлыбжьэ, тхъуэплъыфэ къытеуэху, шыбжий плъыжь сыр хьэжа, шыгъу хаудэ, зэІаІэзуэрэ зы дакъикъэ-дакъикъитКІэ ягъажьэ. Абы шатэ щІакІэ, зэІащІэуэрэ зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэр ирашэх, тебащхьэр трапІэри, дакъикъи 5 - 8 хуэдизкІэ ягъэбэкхъ. ИтІанэ абы халхьэ бжьыныху уба, зэІащІэри тебащхьэр трапІэж, мафІэ щабэ дыдэм тету зэІамыщІэу дакъикъи 10 - 15-кІэ ягъэбэкхъ.

Тебэр мафІэм къыпэрахьжри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ, джэдгын хаудэри, тебащхьэр тепІауэ дакъикъи 4 - 5-кІэ щагъэт, Іэфі къыщІыхьэн, мэ дахэ къыщтэн щхьэкІэ.

Іэнэм щытрагъэувэкІэ зэІащІэри, тепщэчым иралъхьэ. Пщтыру яшх. Пластэ, чыржьн, хьэлІамэ, щІакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): кІэртІоф укъэбзауэ - г 350-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, бжьыныху укъэбзауэ - г 20, сэхуран дагъэу - г 100, шатэу - г 250-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГушыІэхэр

Псым ухэхуэнщ, си тІасэ

Зы дыгъужь гуэр псым икІыну лъэмыжым тельэдащ. Арщхьэкіэ лъэмыжым и адрей лъэныкъуэр псы къиуам пихауэ къыщІэкІащ.

Ар щцІыагъум, мывэ Іэгурыхьу къыщтэри, Хьуэжэ кІэлъытелъэдащ, дыгъужьыр игъащтэу псым хигъапкІэу иригъэтхьэлэн и гугъэу. Арщхьэкіэ дыгъужьыр лъэмыж кІапэм щынэсым, псым щышынэри и дзэхэр зэригъэшхыу, гурыму Хьуэжэ дежкІэ къиГъэзэжащ. Хьуэжэ дыгъужьыр къыщІжьхэлъэдэм, шынэжщ «псым ухэхуэнщ, си тІасэ, къэгъэзэж, лъэмыжыр къутащ», - жиІэурэ лъэныкъуэ зригъэзри, дыгъужьыр блигъэжащ.

Сэри зы «Іыхь» къыслъыгъэс!

Зы чейм иту къашэжа фор Хьуэжэрэ сохъутэмрэ ягъэшьжыт. Сохъутэрэт фор кІэнэгъахъуэри, езым и кхъуэщщым щрикІэнум деж «Іыхь» жиІэу нэхъыбэ къыщІигъальэрт. Ауэ Хьуэжэ и кхъуэщщым щрикІэнум и деж из имыщІыпэурэ къригъахъуэрт.

Хьуэжэ зыкъомрэ абы зыри жриІакъым, иужькІэ хуэмышІэжьыу и кхъуэщыныр хуишийри елъэІуащ:

- КхъыІэ, сохъутэ, сэри зы «Іыхь» къыслъыгъэс! - жиІэри.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Псалъэжьхэр

ПцІищэ нэхърэ - зы пэж

♦ Адыгэм хъэщІэ и щІасэщ.
♦ Акъыл зиІэм шыІэ иІэщ.
♦ Бажэм и кІэр пІыгъыу тепыхьэ.
♦ Бэдж пэтрэ Іэужь трах.
♦ Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ.
♦ Бзаджэ пщІауэ фІы ущымыгугъ.
♦ Бысымыр хьэщІэм и ІуэхутхьэбзащІэщ.
♦ Нэпсейр насыпыншэщ.
♦ Псэр ящэри, напэ къащэху.
♦ ПцІищэ нэхърэ - зы пэж.
♦ Удын гуауэр мэгъущри, псалъэ гуауэр гъущыжыркъым.
♦ Узэрымыса бысым умыуб.
♦ Узигъусэм и фэ къуапльэ.
♦ УзытелІэ нэхърэ - къыптелІэ.

Псалъэзэблэдз

Мазаем и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **5.** Пъэнтхъуий. **7.** Фэндырэ. **10.** Азэн. **11.** Урыху. **12.** Медан. **13.** Соку. **14.** Гъубж. **15.** Чэф. **19.** Джулат. **20.** ШкІэплъ. **22.** Топ. **23.** Пщы. **24.** Гъэр. **30.** Щэращ. **32.** Іупхъуэ. **33.** Быдэ. **34.** Іэрпхъуэр. **35.** Сэрэбий.

Къехыу: **1.** Нэбзий. **2.** «Динамо». **3.** Нэщанэ. **4.** Аргъынэ. **6.** Танэ. **8.** Дыуэ. **9.** Къэдабэ. **13.** Сэджыт. **16.** Фэлъыр. **17.** Къан. **18.** ШкІэ. **21.** Ещтрэч. **25.** Къаплъэн. **26.** Пщэдэлъ. **27.** Пщыгъуэш. **28.** Мадрид. **29.** Лэгъуп. **31.** Абгъуэ.

Екіуэкіыу: **3.** Пушкиныр Псыхуэбэ щыщыІам Нэгумэ Шоэр ... къыхуэхъуауэ яІуатэ. **6.** Театр режиссёр цІэрыІуэ Теувэж Сулъ-тІан, Музыкэ театрым и уэрэджьІакІуэ, ди республикэм и цІыхубэ артист Куэт Хъанщобий, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист Бжэныкіэ Мухьэб, усакІуэ, журналист Аброкъуэ Беллэ сымэ я къуажэ. **9.** Урысей Федерацэм и щІыналъэ, курорт щІыпІэ дахэ. **10.** Ахъшэ ... **11.** Адыгэ генерал ... Борис. **14.** Аргъуей зэзэрэ ... ахъуэйрэ. **15.** Драматург Іэзэ. **16.** ЩІы къиуда. **17.** Гъэшхэкі. **18.** ХькІуитІ зы ... щІэзагъэрэ? **19.** «Мы уэшх къригъэжьам сиуфэнщІынущ», - жиІэри, хьэндакъуакъуэр абы хэпкІэжащ. **20.** Лъэпкъ хабзэкэр щІыблэм егъэщІэным телэжьа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, бзаджащІэхэм яІэщІэкІуэда щІэныгъэлІ цІэрыІуэ. **21.** Куэдрэ щыта махъсымэм и щІэтІысыкІ. **22.** Анэмкіэ благъэ. **24.** ТхылъымпІэм итыр зэрыпІэжым щыхьэт текъуэ дамыгъэ. **26.** Зи ... исым и уэрэд къреш. **27.** Къэхъуну-къэщІэнухэр яшкъежьыІэф цІыху. **28.** ЦІыхубзыцІэ е Къардэнгъущі Зырамыку игъэзащІэ уэрэдыжь цІэрыІуэ.

Къехыу: **1.** КІыщым къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэ. **2.** Псы кІабзэ къызраш кумб куу. **4.** Нартыху хьэжыгъэм е гуэдз хьэжыгъэм къыхэщыкІа адыгэ шхынгъуэ. **5.** Мэл зыхэвэ нэхърэ - ... зыхэпкІэ. **7.** Уэ пхуэдэ сещэжэ, щэ ... **8.** Іэпсльэпсым щыщ. **12.** Уанэ зытемыльэ шы. **13.** Пъэпщ итэ нартхэм я гъуКІэу щыта. **23.** Мэлыщ щабэ. Е ... боствй. **24.** Жыг зытеуэри ... , пщІащэ зытехуэри ... **25.** Шэшэн Республикэм и лІыщхьэ Кадыров ... **26.** ЩІы сэтей, тафэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

● ФэфщІэрэ?

Адыгэ къэкІыгъэцІэхэр

БегъымбарІэпэлъ - Наперстянка. ЛІэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Кавказым бегъымбарІэпэлъу лІэужьыгъуитху къыщокІри, псори илъэс бжыгъэкІэ мэпсэу, лъабжьэжь быдэ ящІ. Гъэгъахэр инхэщ, Іэрамэ кІыхьу зэхэту, удз щхьэкІэхэм къапедзэ, къапщІийхэр, удзыр зыхуэдэ лІэужьыгъуэм елъытауэ, плъыжьхэщ, пшэплъыфэхэщ, гъэжьхэщ, гъэжьхужьыфэхэщ. Зи къапщІийр плъыжь бегъымбарІэпэлъ лІэужьыгъуэр цІыхухэм къагъэкІ, Къухьэпіэ Европэмкіэ кърашауэ, адрейхэр езыр-езыру ди щІыпІэхэм къыщокІ. Мэзхэм, бгъыщьхэхэм ящІрокьэлІэ. ЛІэужьыгъуэ псори хущхьэуэ къагъэсэбэп.

Бжэмышхъэщі - Торица обыкновенная. Зы гъэкІэ фІэкІа къэмыкІ удз лІэужьыгъуэщ. Гъэгъа цІыкІухэр и щхьэкІэм гъатхэм, гъэмахуэм къыпедзэ. И тхъэмпэхэр кІыхьщ, пагуэщ, и лъабжьэр инкъым. Губгъуэхэм, гъуэгубгъуэхэм, псэупІэхэм я гъунэгъуэ, пшахъуэлъэ щІыпІэхэм къыщокІ. Іэщым яшх.

Бжэндэхъу - Василёк. ЛІэужьы-гъуэ куэду гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Бжэндэхъу лІэужьыгъуэхэр я гъэгъахэм я щытыкІэкІэ, я жылэхэмкІэ, я тхъэмпэхэмрэ пкъыхэмрэ зэрыгъэпсамкІэ зэтохуэ. Ахэр зэрызэщхьэщыкІ щытыкІи тепльи яІэщ. Ди щІыпІэм уащыхуозэ гъитКІэ, нэхъыбэкІэ къэкІ бжэндэхъухэм. Ахэр къыщокІ мэкъупІэхэм, хъупІэхэм, дыгъафІэ джабэхэм, мэз лъапэхэм, хуейхэм, гъурцхэм яхэту. Бжьэхэм фо къыхах.

Бзрэжьей - Бузина черная. Зи лъагагъыр метри 4 - 8 нэс жыгщ. И пхъафэр хужь-щхъуафэщ. Бзрэжьейм тхъэмпэ къищІа нэужь гъатхэм и кІэм, гъэмахуэм гъэгъа хужь, мэ дахэ къызыкІэрихэр Іэрамэхэу къудамэ щхьэкІэхэм къапедзэ. Мэзхэм, мэзыбгъуэхэм къыщокІ. Адыгэхэм унэ хадэхэм, жьг хадэхэм къыщагъэкІ, хущхьэу къыхах. И пхъэр псым куэдрэ хэльми фырыкъым. Бзрэжьей лІэужьыгъуэхэр 40-м нос. Абыхэм ящыщыу 11-м ди къэралым езыр-езыру къыщыкІыу урохьэлІэ.

БзрэтІинэ - Мята. ЛІэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щІыпІэхэм узыщыхуэзэ бзрэтІинэхэр илъэс зыбжанэкІэ къуейкІ. Лъабжьэкъ ящІ. Я лъагагъыр см 30 - 40 - 100-м нос. ЗэрызэщыкъыншщІауэ, абыхэм зэрызэщыхъэщыкІ щытыкІэхэри яІэщ. Медицинэм къыщагъэсэбэп. Адыгэхэр куэд щІауэ ирогІэзэ.

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

Хэт нэхъ акъылыншэ?

Хъыбар

Зы лІыжь, пщІантІэм здыдэсым, и пхъумрэ и ныСэмрэ пщэфІапІэм пкІэлъей щІахьауэ иІэгъуащ. «ПкІэлъейм сыткІэ хуей хъуа?» - жери игъэщІэгъуащ лІыжьым, бжэр Іухати, пщэфІапІэм щІэплъащ. ПкІэлъейр дапхъэм ираупсеяуэ ирихьэлІащ.

- Сыт фызыхэтыр? - щІэупщІащ лІыжьыр.

- Шатэм дылъэІэсыркъым, - къыжраІащ: дапхъэм тет шатэр, мэжаджэ хагъауэурэ яшхыт зэныСэзэпщІпхъум, пкІэлъейм теуваэу.

- Аркъым, шатэр къефхьэхрэ Іэнэм тевгъэувэмэ, хъуркъэ? - жиІащ лІыжьым.

- Ари пэжщ! - гуфІащ лІыжьым и пхъумрэ и ныСэмрэ. - Абы ди акъыл хунэсакъым!

«Си пхъумрэ си ныСэмрэ нэхъ акъылыншэ щыІэрэ щымыІэрэ зэзэгъэщІэнщ», - жери лІыжьыр ежьащ. Гъэугу здытетым, щІалищ зозауэри гъэугущхьэм тетщ.

- Щхьэ фызззэауэрэ, сыт фхуэзэрымыгъэгуэшыр? - еупщІащ лІыжьыр щІалищым.

- Дэ дызэщщ, - къыжраІащ щІалищым. - Ди адэр дунейм щехьыжьм зы пыІэжь, зы щІопщ, зы Іэнэ, зы дзасэ къытхуигъэнащи, тхъэзрыгъэгуэшыркъым: зэхудогуэшри, е пыІэр, е щІопщыр, е Іэнэр, е дзасэр лей мэхъу.

- Лейр зэшищым я зым пхъэидзэкІэ лъьфгъэс хъунукъэ? - жиІащ лІыжьым.

- Абы ди акъыл хуэкІуакъым, - жари щІалищыр гуфІащ. - Уэ тхъущІ пхъэидзэ.

Пкъэидзэ яхуищІри, адэм и щІэинрэ яхуигуэшащ лІыжьым.

«Мыхэри нэхъ щІагъэкъым», - жери лІыжьыр ежьэжащ. Зы теуэгъуэ икІуауэ, лІы гуп ирихьэлІащ: лІы гупым вы япхуэдэ джабэм далъэфырт.

- Выр дэнэ фльэфэрэ? - игъэщІэгъуащ лІыжьым.

- Джабэм дыдолъэф, - къыжраІащ. - Сэр Іуащхьэм тельщи, выр дэтлъфыгнурэ фІэдгъэжьнущ.

- Догуэ, - жиІащ лІыжьым, - выр джабэм дэфлъэф нэхърэ сэр Іуащхьэм къефхьэхьжмэ нэхъ Іуэху зэфІэкІкъэ?

- Тхьэ доІуэ, узахуэкІэ! - гуфІащ лІы гупыр. - Абы ди акъыл зэрыхуэмыкІуа!

«Мыхэр нэхъ делэжи», - жери лІыжьыр ежьэжащ. Ежьэжри, къуажэ гуэрым дыхьауэ, уэрамым зы фыз щрихьэлІащ. Фызым зы нысащи щІыгъущ, и Іэ ижьыр кхъуэщышьм кынауэ.

- Мыр дэнэ пшэрэ, ди шыпхъу? - еупщІащ лІыжьым фызым.

- Мы тхъэІухудыр си нысэщ, и Іэр кхъуэщыным кынащи, Іэзэм деж сошэ. Іэзэр сэбэп кхъуэмыхъумэ, и Іэр кхъуэщыным кынэнурэ дыунэхъужа мыгъуэщ, - жиІащ фызым.

- Аркъым, ди шыпхъу, мывэ хъурей къапщтэрэ кхъуэщынщ пкъутэмэ, уи нысэ тхьэІухудым и Іэр хуит хъужакъэ? - жиІащ лІыжьым.

- Ари пэжщ! - гуфІащ фызыр. - Абы ди акъыл хунэсакъым.

ЛІыжьым абдеж къыщигъэзэжри, и унэ ихьэжащ: «Акъылынщэр гъунэжщ», - жери.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ іэпхъэ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхъажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуащ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэтльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

«Издательство «Южный регион»ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, Есэнтыгъу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.908 ●Заказ №404